

Tranzisyon sou televizyon dijital la (DTV) refere a obligasyon pou tout estasyon difizyon televizyon plèn pwisans difize sou fòm dijital apre 17 fevriye 2009. Estasyon difizyon nan tout mache Etazini yo a difize sou tou de (2) siyal yo, analojik ak dijital kounye a. Si w gen difikilte resevwa siyal dijital estasyon difizyon nan zòn ou, gid depanaj sila a ap ba w yon lis verifikasyon koneksyon ak sijestyon sou resepsyon siyal dijital.

Verifye koneksyon w

- Verifye pou wè si bwat konvètè dijital-analojik ou byen konekte. Asire w antènn ou konekte nan koneksyon « antenna input » ki sou bwat konvètè dijital-analojik ou a (oswa televizyon dijital). Si wap sèvi ak yon bwat konvètè dijital-analojik, asire w tou pou koneksyon « antenna output » bwat konvètè w la konekte ak koneksyon « antenna input » televizyon (TV) analojik ou a. Konsilte liv eksplikasyon pou pwopriyetè aparèy yo si w pa fin si kouman pou w fè bon koneksyon yo.
- Asire w pou tout konpozan yo konekte epi pou yo limen.
- Si w genyen yon bwat konvètè dijital-analojik, chanje chanèl televizyon analojik ou a sou 3. Fòk ou ta wè yon lis pou chwa konfigirasyon (« set-up menu ») oswa yon imaj ki parèt sou ekran televizyon w. Si w pa wè ni lis chwa ni imaj, chanje chanèl la sou 4. Si lis chwa a ni imaj la pa parèt, verifye koneksyon w yo ankò.

Fè yon rechèch chanèl

- Bwat konvètè dijital-analojik (televizyon dijital) yo gen yon bouton ki rele « set-up » oswa « Menu » osnon yon non similè, w ap jwenn pi souvan sou telekòmman la (remote control). Peze bouton sa a pou w jwenn lis chwa a. Sèvi ak bouton ki gen flèch direksyon yo sou telekomann ou a, chwazi opsyon k ap pèmèt ou fè yon rechèch chanèl oswa « channel scan ». « Channel Scan » la pral rechèche chanèl difizyon dijital nan zòn ou a. Konsilte liv eksplikasyon pwopriyetè bwat konvètè dijital-analojik (oswa televizyon dijital) pou pipis detay eksplikasyon sou kouman pou w fè yon rechèch chanèl sou aparèy ou a.
- Yon fwa w finn fè rechèch chanèl la, w ap kapab gade tout chanèl dijital antènn ou a kapte.

Ajiste antènn ou

- De ti ajisteman nan antènn ou a ka fè yon gwo diferans sou kantite chanèl dijital ou ka resevwa. Si w gen yon antènn andedan kay, eseye mete l pi wo epi pipre yon mi ki bay sou deyò kay la. Lè w fin ajiste antèn ou a, fè yon lòt rechèch chanèl pou w wè si resepsyon a vin pibon.
- Pandan w ap ajiste antènn ou a, ou ta ka chwazi opsyon « signal strength meter » (pou montre w fòs siyal la) sou bwat konvètè dijital-analojik (oswa televizyon dijital) ou a pou wè si ajisteman w ap fè yo ap amelyore fòs siyal la. Anjeneral, w ap jwenn opsyon kalkile fòs siyal la lè w peze bouton « Menu » sou telekòmman la.
- Estasyon televizyon k ap difize sou dijital sèvi ni ak bann VHF (chanèl 2-13) ni ak bann UHF (chanèl 14-51). Anpil antènn andedan kay sèvi ak sa yo rele zorèy lapen a (« rabbit ears ») pou bann VHF la epi antèn sa yo rele ne papiyon a (« bow-tie ») pou bann UHF la. Asire w w ap sèvi ak yon antènn ki kapab pran ni bann VHF ni bann UHF epitou asire w li byen konekte.

Si w gen pwoblèm toujou:



- Rive 17 fevriye 2009, kèk estasyon ap opere ak mwens fòs siyal. Si w pa resevwa kèk estasyon televizyon dijital, sa pa vle di antèn ou oswa bwat konnvètè dijital-analojik ou gen pwoblèm (oswa televizyon dijital). Verifye ak estasyon TV w pou konnen si yo planifye fè kèk chanjman k ap pral amelyore resepsyon w.
- Lè yon siyal TV analojik fèb oswa resevwa entèferans, estatik, bwouyaj, ak distòsyon pi souvan ap parèt sou ekran a. Difizyon dijital ap bay yon imaj klè; sepandan, si siyal la febli depase piplis pase yon fòs minimòm, imaj la ka disparèt. Yo rele sa efè ravin (« cliff effect ») ki vle di ke si w gade estasyon TV analojik ki gen estatik ak distòsyon, ou gen dwa oblije ajiste oswa amelyore sistèm antèn ou a.
- Senp Antèn andedan kay bay yon pèfòmans minimal ki gen dwa pa ale ak anplasan w. Si w pa ka jwenn yon resepsyon ki satisfè w ak antèn ou genyen andedan kay la deja, ou ta gen dwa bezwen yon antèn pou andedan kay ki genyen opsyon pou kapte pibon siyal UHF epi/oswa yon anplifikatè pou bay siyal ou resevwa a yon estimilasyon « boost » (sa yo rele anjeneral, antèn aktif la oswa « active antenna »).
- Anjeneral, yon antèn ki fèt pou deyò ap gen yon pibon resepsyon pase youn ki pou andedan kay. Sepandan, pèfòmans yon antèn ki deyò kapab degrade ak letan poutèt lameteyo maltrete li. Si w gen pwoblèm, asire w pa genyen kab ki lage oswa ki manje, pa gen okenn pyès ki ta kase epi pou antèn la dirije nan bon direksyon a.
- Eseye kite kab nan mitan antèn la ak bwat konnvètè dijital-analojik a toukout pou yon resepsyon miyò.
- « Splitters » oswa repartitè yo sèvi pou konekte yon antèn sou plizyè reseptè bese sou fòs siyal ki disponib pou chak reseptè. Si ou gen pwoblèm siyal, eseye retire « splitter »/repartitè a pou wè si resepsyon w amelyore. Nan kèk ka, si w sèvi ak sa yo rele yon repartitè aktif (« active splitter ») ki genyen yon anplifikatè ladan l, li kapab regle pwoblèm la.
- Si w toupre yon antèn difizyon, resepsyon estasyon sila a ak lòt estasyon kapab pèdi akòz siyal la ap twò fò. Se pou w ta konsidere mete yon afeblisè (« attenuator ») pou bese siyal la osnon retire anplifikatè yo pou amelyore resepsyon w.
- Si w deside ranplase oswa chanje antèn andedan oswa odevò kay ou, genyen chwa anpil diferan kalite antèn nan magazen elektronik pou tout kalite pri. Genyen sit entènèt tankou www.antennaweb.org k ap bay enfòmasyon sou anplasan antèn difizyon yo ak ki kalite antèn pou deyò kay k ap pibon pou resevwa estasyon ou vle yo. Si w bezwen asistans pou amelyore sistèm antèn ou a, rele yon vandè oswa yon moun ki enstale antèn nan zòn ou.

Pou piplis enfòmasyon sou tranzisyon DTV a, ale nan www.dtv.gov oswa kontakte FCC a sou imèl dtvinfo@fcc.gov; rele 1-888-CALL-FCC (1-888-225-5322) pou vwa oswa 1-888-TELL-FCC (1-888-835-5322) pou TTY; fakse 1-866-418-0232; oswa ekri bay :

Federal Communications Commission
Consumer & Governmental Affairs Bureau
Consumer Inquiries and Complaints Division
445 12th Street, SW
Washington, DC 20554

###

Pou piblikasyon sila a oswa nenpòt lòt piblikasyon piblik nan yon fòm ki aksesib (tèks ASCII elektwonik, Bray, ak gwo lèt majiskil, oswa odyo) tanpri ekri oswa Rele nou nan adrès oswa nan nimewo telefòn ki annapre a, oswa voye yon imèl nan FCC504@fcc.gov.

Dokiman sila a se pou edikasyon konsomatè a sèlman. Li pa fèt pou afekte okenn pwosè oswa okenn ka lajistis ki trete de sijè sa a oswa okenn bagay ki gen pou wè avèk li.

9/23/08



Federal Communications Commission ■ Consumer & Governmental Affairs Bureau ■ 445 12th St., SW ■ Washington, DC 20554
1-888-CALL-FCC (1-888-225-5322) ■ TTY: 1-888-TELL-FCC (1-888-835-5322) ■ Fax: 1-866-418-0232 ■ www.fcc.gov/cgb